

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan métode kolaborasi dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa kelas X SMAN 1 Warungkiara, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- (1) Kamampuh nulis aksara Sunda siswa X SMAN 1 Warungkiara di kelas ékspérimén dina tés awal hasilna kurang ti KKM (KKM=70). Rata-rata kamampuh siswa nya éta 33,17, hartina siswa can mampuh nulis aksara Sunda. Dina tés ahir sabada dilaksanakeun pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode kolaborasi hasilna katitén geus nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 73, hartina siswa geus mampuh dina pangajaran nulis aksara Sunda. Kamampuh nulis aksara Sunda siswa X SMAN 1 Warungkiara di kelas kontrol dina tés awal rata-rata 30,97, hartina siswa can mampuh nulis aksara Sunda. Sabada ayana pangajaran ngagunakeun métode ceramah rata-rata hasilna ngaronjat, sanajan masih kurang ti KKM (KKM=70). Tina hasil tés ahir rata-rata kamampuh siswa nya éta 65,5.
  
- (2) Aya béda anu *signifikan* dina kamampuh siswa kelas ékspérimén, saméméh jeung sabada dilaksanakeun pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode kolaborasi. Hal ieu katitén tina hasil uji hipotésis anu nuduhkeun yén  $t_{itung} (9,513) \geq t_{tabel} (2,46)$ . Aya béda anu *signifikan* dina kamampuh siswa kelas kontrol, saméméh jeung sabada dilaksanakeun pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode ceramah. Hal ieu katitén tina hasil uji hipotésis kelas kontrol anu nuduhkeun yén  $t_{itung} (11,2) \geq t_{tabel} (2,46)$ . Aya béda anu *signifikan* antara kamampuh ahir kelas ékspérimén jeung kamampuh ahir kelas kontrol dina pangajaran nulis aksara Sunda. Hal ieu katitén tina hasil uji hipotésis anu nuduhkeun yén  $t_{itung} (7,257) \geq t_{tabel} 2,46$ .

- (3) Dumasar kana hasil ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén métode kolaborasi téh *éféktif* pikeun dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda.

## 5.2 Saran

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun métode kolaborasi, aya sababaraha saran tina ieu panalungtikan, di antarana:

- (1) Métode kolaborasi bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran nulis aksara Sunda;
- (2) Ayana panalungtikan ngeunaan métode kolaborasi dina matéri pangajaran lianna enggoning leuwih ngabuktikeun *kaéféktifan* éta métode pangajaran;
- (3) Guru kudu leuwih bisa milih stratégi diajar anu leuwih cocog jeung leuwih ngirut siswana; jeung
- (4) Sakola dipiharep leuwih ngaronjatkeun sarana-prasarana pikeun ngarajong kagiatan diajar-ngajar.